

KINGDOM LIFE COMMUNITY



**CATUNGANIWE
na**

Pasteur NDAYISENGA Wenceslas

IBANGA RYO KUGENDANA N'IMANA

UGUSHIMA

Ntanguye gushimira Umwami wacu Yesu Kristo kuko ariwe soko ry'ubwenge, n'ihishurirwa, n'ugutahura.

Ndashimiye bivuye ku mutima HABONIMANA Evelyne, umufasoni wanjye, ku masengesho asengera umurimo. Ndaremeshwa cane no kwitanga kwiwe.

Ndashimiye abatama bose ba KLC: NSAVYIMANA Pascal, HABONIMANA J. Claude, MAPENDANO Audifax, SIBOMANA P. Claver, NSABIYUMVA Clément na NDIKURIYO J. Marie ku kuntu bashira mungiro ijamba ryose Imana iriko irasuka mw'isi muri kino gihe.

Turashimiye abarongizi n'abanyamuryango bose ba KLC n'abantu bose baterera muri kino gikorwa co gushinga no kwagura ubwami bw'Imana mw'isi uno musi.

IJAMBO RY'IKAZE

Haraheze ibihe vyinshi abavugishwa n'Imana n'abavuga butumwa, bigisha kw'ihinduka rigiye kuba mw'ishengero ry'Imana mu buryo bw'umuvyuro. Kingdom Life Community n'imwe mu mashirahamwe yumvise ijwi ry'Imana ku bw'intumwa Zayo kandi ihagurukanwe n'ugushitsa ubuhanuzi mu mwuzuzo w'ubugombe bw'Imana.

“Kand’imanza ziroranye ni zo nzogira umugozi ugera, n’ubugororotsi nzobugira karisho¹: urubura ruzovumbura ubwo buhungiro bw’ibinyoma, kand’amazi azosendanisha aho hantu ho kwinyegeza.” (Yesaya 28:17)

Mugiheburayo “**umugozi**” ni “**qav**” bisigura ingero yo kugeresha. Ijambo ry'Imana ni ingero yo kugeresha ubugororotsi, ivyanditswe n'ihishurirwa. Kingdom Life Community ntihagurukanywe no kwemeza ivyo abantu bahurijeko, ariko ihagurukanwe no kwemeza no gushitsa ubugombe bw'Imana nzima. Nimba ukuri kwovugwa kudashingirwa intahe n'ijambo ry'Imana, ukwo kuri ntikuva ku Mana, naho imigenzo y'abantu yovyemeza canke ikabihurizako.

“Nukw’iyo misi y’ubutamenya, Imana yarayirengagije, ariko noneho igera kw’abantu bose bari hose bihana, kuko yashinze umusi wo gucirakw’isi yose amateka y’ukuri, izoyacisha umuntu yatoranije, kandi yahaye bose ikimenyamenya c’ivyo, mu kumuzura imukuye mu bapfuye” (Ivyakozwe n’Intumwa 17: 30 - 31).

Imana yarirengagije imisi y’ukutamenya aho tutari tuzi iciza nakimwe kandi tukagendera mu kutamenya kw’ijambo ryayo. Imana iriko iraserura ukuri k’umugambi wayo kugira uhindure wongere ukuze ishengero. Ubu dusabwa kwihana (guhindura ivyiyumviro) tukemera ubutumwa bwiza bw’ubwami bw’Imana. Igihe co tutamenya kibwirizwa gushika kwisherezo.

“Uyo azokwigisha nde ubwenge? Kand’azotahuza nde ubutumwa? Mbega n’abacutse n’abavuye kw’ibere? Kukw’ivyawe ar’ibwirizwa ku rindi,

¹ Karisho n’akagagozi karikw’ akabuye bageresha mu kwubaka nko mu buryo bga nivo.

ibwirizwa kurindi, n'unurongo ku wundi, umurongo ku wundi, hamwe tumwe, ahandi utundi" (Yesaya 28: 9 -10)

Mu maboko y'Imana hari ukuri kwarindirijwe imyaka kugira guseranguke. Ishengero ririko ririnjira mu gihe cavugishijwe naho benshi batabitahura. Ndakugira inama yo kubumbatira ukuri hanyuma utangure ihinduka muri uyu mwaka w'ubwami bw'Imana.

Ukutamenya kandi no kubura umugende w'ihishurirwa w'ijambo n'umugambi w'Imana vyatumye amasinzi y'abantu ava mu vyizerwa, batangura gushinga ubumenyi n'ivyiyumviro bihuye n'imigenzo y'amadini. Igihe casezeranywe ni igihe co kugarukana ishenguro ku mugambi w'imfura.

Nimwakirane akanyamuneza ijambo ryose ritewe hagati muri mwebwe muri iki gihe ishashara ryari ripfutse ukuri ririko rirahomoka (**Daniyeli 12:9**).

Pastor NDAYISENGA Wenceslas

E-mail: info@klc.bujumbura.bi

Tel +257 79 938 921

I. IGIHE C'IMANA

“Ikintu cose cashingiwe igihe caco, kand’igikorwa cose musu y’ijuru gifise akanya kaco ” Umusiguzi 3:1

“Abo mu Bisakari bazi ubwenge bwo kumenya ibihe, bakamenya n’ivyo Abisirayeli bakwiye gukora, bar’abakuru amajana abiri, bazananye n’abandi b’I wabo bagaba” 1 Ngoma 12:32

Abana bo mu Bisakari baribazi gusobanura ivy’ibihe, n’ico ubwoko bw’Abisirayeli bwose bukiye gukora. Bari bashoboye gutahura igihe no guhagarara neza. Abo bagabo bari bafise ugutahura kubijanye n’ihanga (igihugu) ry’Isirayeli kandi baramenye ko ingoma ya Sauli irangiye kandi ko ingoma ya Dawidi itanguye. Baramenye ko cari igihe co kuzana ubwami bwa Dawidi.

Muri iki gihe c’Imana hakwiriyeye guhagurutswe icitegererezo cabo mu ruvyaro rw’Abisakari.

“Ngakura ingoma munzu ya Sauli, nkayegurira Dawidi, ngatuma ingoma yiwe ihangama mu Bisirayeli no mu Bayuda, uherye I Dani ugashitsa I Beri-sheba” 2 Samueli 3:10

Icitegererezo gishaje c’igikorwa cakoze mu gihe caco ntigishoboye gushikana ishengeru mu mwandu wa masezerano y’Imana. Habwirizwa kuba iyimuka riva mu citegererezo gishaje c’inzu ya Sauli kija mu citegererezo gishasha c’inzu ya Dawidi.

Imana ikorana n’Ishengeru hamwe n’abizera biciye mu bihe. Ibihe vy’Imana biratandukanye n’ibihe vyo kw’isi. Abantu berekana ibihe vy’umubiri bakoresheje imisi n’amezi. Ibihe vy’Imana vyerekanwa n’ihishurirwa. Imana itanga ijamba rishasha rikerekana ibihe bishasha arivyo ishaka gutwariramwo Ishengeru. Igihe gishasha gitangurwa n’ukuri gusha (Filipi 3:16).

Ukwemerera ukuri kwacu kutwimurira mu gihe gishasha c’inzu ya Dawidi rwo ku rundi rugezo mu Mana.

Har'ugutera intambuko y'ishirwa ahabona kw'ihishurirwa ry'umugambi Imana igabiye gukora. Ni urukwirikirane, kandi Imana iriko igendera mu mugambi no munteguro Yayo. Rimwenarimwe abantu ntibitayeho ivyo Imana iriko ikora kandi ntibamenye ko intebe y'ubwami yavuye mu nzu kwa Sauli. Ivyo bituma tubandanya kwigisha ibintu vyakera nk'umugambi w'igihe cacu naho kuba atari ukuri. Ibintu vyinshi vyarahindutse kubera twinjiye mu gihe gishasha mu Mana.

Igihe c'Imana ntabwo ari umwanya n'integuro vy'idini. Ni umwanya usobanurwa mu buzima bw'umwe wese na Mpwemu w'Uhoraho, bisabwa ko Imana ishingira mu bugingo bwacu ugutahura n'iyerekwa rizohindura rwose akaranga n'igihagararo vyacu.

Gutahura igihe co gukora kw'Imana. Igihe “**Kairos**”, “**Chronos**” na “**Aion**” ni imyanya itandukanya ibihe uko bitunganijwe kw'isi.

Kairos risigura “ igihe c'umwihariko” cashingiwe ibintu kanaka ko bihishurwa canke bigashitswa canke bikarangurwa. Ntakintu nakimwe kiba kidafise igihe ca shingiwe. Ni ikintu kiba caratunganijwe imbere ko gishika.

Chronos ir'ijambo rivuye mw'ijambo “**Chronometer**” canke “**Chronology**” risobanura urukurikirane rw'inkuru canke ibintu vyabaye muri kahise hakwirikijwe amataliki canke umwanya. Uyo mwanya ntuvuga urutonde rwa kubu canke rwa kazoza ariko uvuga umwanya n'ibihe inkuru canke ikintu cabereyeko.

Aion iryo jambo rivuye mu kigiriki, risobanura **imyaka**. Ni ukuramba k'umwanya. Uyo mwanya uvuga urunganwe.

Ni nkenerwa cane kumenya no gutahura ibihe. Ishengero rishitse mu gihe c'umwihariko (**Kairos**) mu Mana aho hari uguseranguka kw'ihishurirwa ry'ubwami bw'Imana kuri uru runganwe.

Ni akanya ko kuba mu kibanza ciza no mu gihe ciza. N'ubugumba) kugendera mu gihe kibi (ku ntambuko ya kera) mu gihe ihinduka ryamaze kuba mw'ijuru. Nkhamwe twobandanya kugendera mu gihe ca kera, twoba turiko twerekeza mu guhona. Nkhamwe twoguma mu kibanza kibi,

twotakaza umugambi w'Imana. Benshi bari mu kibanza canke mu muhamagaro canke mu bucuti bubi. Tubwirijwe kumatana n'ingoga n'igihe c'ubwami bw'Imana kugira tubone kugendana n'Imana. Mu gihe tumenye igihe c'ubwami bw'Imana ariko tukaguma mu kibanza kibi ni impanuka idakingingwa kuko tuba tugiye kuba inyuma y'umugambi w'Imana. Nico kimwe no kuvuga ngo ndazi igihe ubwato bushikira kukivuko, kandi ngo nibwashika nca ngenda kukibuga c'indege kuburindirirayo. Tunanigwa no kwunguka akanya kubera tuba mu kibanza kitarico mu mwaya mwiza.

Abarongozi benshi bagendera kandi bagakoresha ihishurirwa rya kera muri kino gihe c'ubutumwa bw'Ubwami bw'Imana. Bisa no kwambara impuzu zo mucu mu gihe c'imvura. Mumenye ko igihe ca hindutse kandi igicu c'Imana cimumutse. Imana ntikeneye uruhusha rwacu kugira yimure igicu cayo, icimura mu gihe cose ibigomvye. Abana b'Isirayeli baritwararika kandi bari barateguwe kubijanye ni iyimuka ry'Imana. Bari barashizeho umuntu yagendeza igicu. Mu gihe igicu cimumutse yavuze inzamba. Ni vyiza cane kuja musi y'ubuyobozi bw'uwumvise neza ikiva ku Mana kandi agakwirikiza inyigisho zayo.

Urugero rwo gukura kw'imitima yacu no kwemera Ijambo ry'Imana n'iyintambuko y'ubu bizerekana rwose intambuko yacu muri iki gihe c'Imana.

“Ico gihe ninginga Uhoraho, nt’Uhoraho bwirukiro, jewe umusavyi wawe utanguye kunyereka ububasha bwawe n’ubushobozi bwawe buhambaye. Nti Mbega har’iyindi mana, yaba iyo mw’ijuru canke iyo mw’isi, yoshobora gukora ibikorwa n’ibihambaye bihwanye n’ivyo ukora? Nti ndakwingize, nyemerera njabuke ndabe ico gihugu ciza co hakurya ya Yorodani, n’uriya mugamba waho mwiza, n’I Lebanoni. Arik’Uhoraho arandakira kubwanyu, ntiyanyemerera, arambarira, at’ugeze ngaho: ntiwongere kumbarira iryo jambo. At’uraduga ku mpinga ya Pisiga, utereze amaso, urabe iburengerazuba n’i buraruko n’i bumanuko n’i burasirazuba, uharabishe amaso, kuk’uru yorodani utazorujabuka. Arik’uhanure Yosua, umuremeshe, umutere gushikama, kw’ari we azorujabuka arongoye abo bantu, akabinjiza igihugu uzoja kuraba ”

Gusubira mu vyagezwe 3: 23 – 28

Muri iki gihe c'ihinduka, bamwe ntibazokwegukira amasezerano. Ishengero ryazengereye hanze mu mutamana w'ibiryoha vy'abantu aho ritigeze ryibuka ishitswa ry'ibihe. Umwanya uregereye ishengero aho rigiye kuva mu mutamana w'ibiryoha rikinjira mw'ihishurirwa ry'amabanga y'Ubwami bw'Imana.

Umugambi w'Imana ni umugambi w'ibihe bidashira. Iseruka ry'integuro y'Imana izoshitswa.

“Imigabo y'Uhoraho ihora ihanganye ibihe bidashira, n'ivyiyumviro vyo mu mutima wiwe ibihe vyose” (Zaburi 33:11)

“Ikintu cose cashingiwe igihe caco, kand'igikorwa cose musu y'ijuru gifise akanya kaco.” Umusiguzi 3:1

Imana yaratoranije ibikorwa bizokorwa mu bihe no mu myanya. Ihishurwa ry'umugambi w'Imana ryagenewe mu mwanya washinzwe. Igihe ni umwanya wo kwimuka werekana intambuko z'Imana. Uguhitamwo kwacu mu gihe nivy vyerekana ko turi mu vyo Imana iriko irakora canke mu vyo yahejeje gukora. Imana iriko irashitsa umugambi wayo kandi ishengero ribwirizwa kubibandanira.

“Ivyagezwe, bo n'amajambo y'abavugishwa n'Imana, vyabayeho gushitsa igihe ca Yohana: uherye ico gihe ubutumwa bwiza bw'ubwami bw'Imana ni ho bwavugiye, umuntu wese akabubandanira” (Luka 16:16)

Turiko turashirwa mu mwanya w'ibihe n'imyaka biganzwa n'ubwami bw'Imana. Imana iriko iratwimura idukura mu mwaka w'ishengero idushira mu mwaka w'ubwami bw'Imana. Kuva mw'ishengero twinjira mu bwami n'intambuko ry'ihinduka risaba gushingwa mu bugingo no mu citegererezo c'ubwami. Ni ukuva mu bishaje vya kera ugatambukira mu muco w'inyigisho zerekana ihishurwa risha ry'ubwami bw'Imana.

Muri iki gihe c'ubu c'intambuko y'Imana, Ishengero ribwirizwa kuba no

gushingwa mw'iyimuka ry'intumwa, aho niho rishobora gushingwa mu citegererezo c'umugambi w'Imana. Ishingwa ry'inkoro y'intumwa rizozana ugukora mu bucuti bw'ubwami bw'Imana gusumba amacakubiri ari mw'ishengero. Bizotuma ishengero riba kuntego imwe n'uburenganzira bungana mu bikorwa no mu kwagura ubwami bw'Imana.

Amajambo apfuye ya basokuru

Muri kino gihe gishasha mu Mana, tubwirijwe guhamba amajambo apfuye ya basokuru. Urwo nirwo rubanza Imana icira urutonde rushaje mu kuzana rushasha. Ivyo nitwabitahura, ishengero rizoca rireka kugerageza kuhagurutsa ivyapfuye nk'umugambi w'ijuru. Ivyo bimeze nkoguhagurutsa imana, dagoni imbere yisandugu ry'Uhoraho. Dagoni izotemba ivunike amaboko n'amaguru. Ubutamenya mu vy'Ubwami bw'Imana ni kwemerera ingoma ya Nehushitani y'imanza zitabereye n'ibipfuye kuhagarara.

“Mu mwaka ugira gatatu Hoseya mwene Ela, umwami w'Abisirayeli ari kungoma, ni ho Hezekiya mwene Ahazi, umwami w'I Buyuda, yima. Yar'amaze imyaka mirongo ibiri n'itanu igihe yima, amara imyaka mirongwibiri n'icenda I Yerusalemu ari ku ngoma; nyina yitwa Abi, umukobwa wa zekariya. Akora ivyo Uhoraho abona kw'ari vyiza, nk'ivyo sekuruza Dawidi yakoze vyose. Akurah'ibitabo vyo ku mpinga z'imisozi, amenagura amabuye bashinze, atemagura amabuye bashinze, atemagura inkingi bashingiye ashera; amenagura igishushanyo c'inzoka Mose yacuze mu muringa; kuko gushitsa ico gihe abisirayeli bacosereza imibavu; bacita Nehushitani. Hezekiya yizigira Uhoraho Imana y'Abisirayeli; kandi mu bami bose b'i Buyuda bamuherukiye nta wahwanye na we, no mu bamwitangiye imbere;” 2 Abami 18:1 – 5

Imana yahaye abantu bayo inzoka ikozwe mu muringa mu bugaragwa nk'ikimenyetso c'agakiza no kubohoka. Imana yatanze inzoka yerekeye igihe co mu bugaragwa. Ariko abantu b'Imana bagumye bateruye kandi basenga iyo nzoka y'umuringa ku mara imyaka amajana ane (400) no gushika binjire mu gihugu c'isezerano.

Hezekiya amenagura igishushanyo c'iyo nzoka Mose yacuze mu muringa

kandi acita Nehushitani. Igihe Imana yayitanga cari ishusho y'agakiza no kubohoka ariko mu gihe ca Hezekiya nticari kibereye agakiza no kubohoka. Igihe Imana yari yashingiye inzoka y'umuringa cari carangiye. Iyo nzoka ntiyarigitanga agakiza no kubohoka, ariko yarisigaye itanga urubanza.

Ibarabara ry'idini ribwirizwa guhagarara kugerageza gukwirikira umugambi w'Imana. Igihe ca kahise kirarangiye nkuko dutambukiye mu bintu bisha mu Mana.

“Raba ivya mbere birashitse kandi ndabamenyesha n'ibisha; bitaraseruka ndabibabwira” Yesaya 42:9

“Ati Mwoye kwibuka ivya mbere, kandi ntimwiyumvire ku vya kera. Ehe ngira nkore ikintu gisha: ko kigira giseruke ubu, mbega ntimuzokimenya? Nzoca inzira no mu bugaragwa, ntembeshe inzuzi ahagadutse ” Yesaya 43: 18 – 19

Hakwiye ukwimuka no guheba iyamamazwa ry'amajambo apfuye ya basokuru avuga ivyakera. Imana iriko itanga igihe gisha. Ni igihe co hejuru co kumenya ko Ubwami atari ubwacu canke ishengero, Ubwami ni ubw'Imana n'imigambi yayo. Ivyo birengeye ivyo umuntu yo shakashakisha. Ninde yoshakisha amajepfo y'ubwenge bw'Imana? Ivyo birengeye gutahura no kumenya k'umuntu.

II. KUGENDANA N'IMANA

- GUTANGURA URUGENDO RW'IHINDUKA-

“Mber’igisiga sarumfune co mu kirere kizi ibihe vyaco cagerewe, kand’intuguru n’intamba n’inyanana bimenya ibihe vyavyo vyo kuziramwo; arikw’abantu banje bo ntibazi ibwirizwa ryanje, jewe Uhoraho. Muvugira iki, muti tur’abanyabwenge, kandi mut’ivyagezwe vy’Uhoraho bibana natwe ? Erega abanditsi banyu bandikishije ikaramu y’ibinyoma, banditse ibitar’ivy’ukuri ” Yeremiya 8:7 – 8

Iyi mirongo ivuga umutima w’Imana biciye ku muvugishwa wayo Yeremiya. N’ikintu gisumbirije ko abantu b’Imana batahura kubw’umuvugishwa wayo. Mu mitima yabo bibwira ko ari abanyabwenge kandi ko batahura inzira zose z’Imana kandi ko bakorana n’Imana kandi bibwira ko ari beza batunganye mu maso y’Imana. Muvyo ukuri barataye Imana bahinduka abatumvira batako bahindura ubusa ivyanditswe. Ntibaterwa n’isoni. Ntibihanye canke bahindikire bave mu bibi kandi bibaze mbe twokora iki? Bafashe inzira zabo nk’indogoba zijanwe ku rugamba.

Nimumenye ibigereranyo y’abantu b’Imana uko bavuye mu kumenya no mu gutahura ibihe n’imyanya y’Imana mu gihe co kwimukana nayo. Uburongozi bw’ishengero uno musi bwafashwe nabwo nyene nurwo ruhererekere rwo kutamenya, icemezo nuko natwe turiko ducerwa kwinjira ahantu ho mu bihe no mu myanya y’Imana. Tuba mu gihe c’ivyo Imana yamaze gukora kandi ntitugendana nico Mpwemu ariko arabwira ishengero ubu mw’ihishurigwa ry’ubugombe bw’Imana. Muvy’ukuri tubumbatiye intambuko n’amahishurirwa y’igihe giheze ivyo nivyo bituma tugwanya ihishurirwa rishasha ry’ubwami bw’Imana iryo Imana iriko itwariramwo ishengero ubu.

Kwitwararika kuba mu gihe ca pentekote ni ikizibizo co gutambukira ku rundi rugezo rw’Imana mu musi mukuru w’ihema. Ihishurirwa s’umugambi wose w’Imana, Pentekote wari umugambi w’Imana ariko ntiwari iherezo ry’umugambi w’Imana. Kubw’ivyo tubwirizwa guserangura ijambo ry’Imana kugira tugendane n’Imana.

Tubwirizwa kuba abantu baca bugufi tukemerera ihinduka mu vyiyumviro vyacu, ihinduka mu nyigisho z'idini, ihinduka mu vyizerwa na filozofi (no mu vyizerwa) hanyuma tukinjira mu gutahura mu Mana nkuko duserangura ijambo ryayo (ukuri).

Imana ni Imana itera intambwe mu nteguro zayo. Ijambo ni ihishurirwa ry'Imana rigenda rija imbere. Nimba twiteguye canke twaratoranijwe mu vy'Imana tubwirijwe kugendana n'Imana mu mugambi no munteguro zayo mu kwumvira ijambo. Ukuri n'uku ntidushobora kugendana n'Imana kandi tukaguma turi muvuyo twahozemwo.

“Namba mwarumvise ububwiriza bwa bwa buntu bw’Imana nahawe kubagaburira: yuko mu guhishurirwa natiwe ibanga, nk’uko nabanje kwandika mu majambo make, namwe, ni mwayasoma, muzoshobora kubona ingene nzi ibanga rya Kristo. Ivyo, abana b’abantu ntibabimenyeshejwe mu bindi bihe, nk’uko mur’iki gihe intumwa ziwe zera n’abavugishwa na we babihishuriwe na Mpwemu.” Abanyefeso 3: 2-5

Uguhishura kw’Imana kurabandanya kuri twebwe. Hariho ukuri n’ihishurwa ry’Uhoraho atahishuriye abarongozi b’igihe giheze, ariko ivyo yabibikiye iminsi tubamwo kugira dushitse bimwe mu migambi yayo. Hari amabanga n’ubuhishuzi bumwe bitahishuwe mu myaka iheze, ariko ubu biriko birahishurwa kuri twebwe kubw’ubuntu bw’Imana ikoresheje intumwa n’abavugishwa b’Imana biciye mw’ihishurirwa rya Mpwemu w’Uhoraho.

Ukudaharurika k’umugambi w’Imana vyerekanwa hakoreshejwe ibihe n’imyanya, kandi bigatangurwa n’ihishurirwa risha riva ku Mana. Uguhitamwo kwacu muri iri hishurirwa bituzana mu gihe gishasha mu Mana. Ishengero ririko ririnjira mu munsu mu shasha mu Mana. Bukebuke Imana iriko iratwereka icitegererezo kijanye n’iryo hishurwa risha kandi ikatwemeza integuro yayo. Imana iratwereka ukuri kuri muri iy’integuro yayo kandi irahishura urukwirikirane rwo gusanura ari ryo shirwa kumurongo no mungiro vy’imigambi Yayo. Tubwirizwa kushira kumurongo ubugingo n’imirimo yacu mu nzira no mu migambi y’Imana. Nk’abana b’Isakari, tubwirizwa kuba abanyabwenge no gutahura ivy’ibi bihe

n’imyanya y’Imana kugira tube mu kibanza co kumenya ico dukwiye gukora kandi no kubana gufataniye n’ukugendana n’Imana.

“Abo mu Bisakari bazi ubwenge bwo kumenya ibihe, bakamenya n’ivyo Abisirayeli bakwiye gukora, bar’abakuru amajana abiri, bazananye n’abandi b’I wabo bagaba” 1 Ngoma 12:32

Intambuko z’Imana ntizikwiye gusengwa no guhindurwa imitego canke ibigirwa mana, naho hoba harabonetse ubwiza n’ibitangaza vyakoretse, kubera Imana yatanze ikintu cose mu mwanya no mu bihe caco, kandi mu gihe Imana ihejeje umugambi yimukira ku yindi ntambuko n’urugezo rw’intego zayo.

“Raba ivya mbere birashitse kandi ndabamenyesha n’ibisha; bitaraseruka ndabibabwira” Yesaya 42:9

“Ati Mwoye kwibuka ivya mbere, kandi ntimwiyumvire ku vya kera. Ehe ngira nkore ikintu gisha: ko kigira giseruke ubu, mbega ntimuzokimenya? Nzoca inzira no mu bugaragwa, ntembeshe inzuzi ahagadutse ” Yesaya 43: 18 – 19

Tumenye ibi, intambuko zakera zirashize. Ivyakera ntibishobora guhagarara. Imana itumenyesha kandi iduhishurira ibintu bishasha kugira dushitse ubugombe bwayo. Mu gihe kimwe gishikijwe Imana irabandanya kandi igakora bishasha itaribwakore. Kwizingitira kuvyakera n’intambamyi kwi yimuka ryacu twinjira mu ruzezo rw’intumwa. Ukwibagira ivyakera bibwirizwa kuza mw’ishengero kugira twegere Imana n’ibintu bisha. Gutandukana n’ivyakera ivyo ntibisigura ko harimwo amakosa muri iyo nteguro canke ko Imana yananiwe mu nteguro yayo. Igihe turimwo gisaba guhinduka tukinjira mu rufatiro rw’intumwa.

Imana ishaka kutwimura idukuye muvyakera ikadushira muri bishasha mu gutahura kwacu no mwihishurirwa ryayo ubwayo kandi ni vyo iriko ikorera ubu mu mubiri wa Kristo mw’isi. Inyigisho z’idini, n’icitekegererezo n’amategeko bishaje bivyara inyubako ishaje n’uburongozi bushaje budashobora gukora umugambi w’Imana. Tubwirizwa kugira ihinduka muri

iyi ntambuko y’ubu mu Mana. Ihinduka n’umugabane w’intambuko yo gukura mu Mana. Muri kino gihe c’ihinduka birasabwa cane gukorera mu ntambuko ya Mpwemu Yera.

Ishengero riri mu gihe co gutera intambuko, intambuko ijana mwishitswa ry’umugambi w’Imana. Ntibishoboka kuba no gukorera mu nkoro ya kera hanyuma ukitega kwimukira ku rundi rugezo rushasha, kiretse witavye ihinduka ry’intumwa ririko rirahishurwa. Imana yo nyene niyo iduha amababa yo kuja kuyindi ntambuko, niho dushobora kuduga kuburebure buhebuje bw’ubwiza bwayo.

Insiguro yo gushika y’ivyo irihuta kuboneka. Ubuntu n’amavuta vy’intumwa z’Imana biriko birasukwa kuri twebwe. Turakeneye kuba maso ku kuri Imana iriko igiramwo yihuta iheraheza ubugombe bwayo mu mwuzuzo w’ubwami buzoshingwa mw’isi.

Ibibuza intambuko z’Imana

“Ni nde mu nyabwenge yotahura ivyo? Kandi ni nde yabibariwe n’akanwa kanje, jewe Uhoraha, kugira ivyamamaze? N’iki gitumye igihugu cononekara kigasha uburimbi nk’ubugaragwa, ntihabe hakigira uhaca. Maz’Uhoraho aravuga, ati Ko bataye ivyagezwe vyanje nabashize imbere, ntibanyumvire canke ngo babigenderemwo, ariko bakagendera mu budadarare bw’imitima yabo, bagakurikira bayali, nk’uko basekuru babigishije” Yereimiya 9:12 - 14

Ico canditswe co hejuru kirerekana neza ibizibira intambuko z’Imana no gutera imbere mu mpwemu kwacu no gukura mu Mana.

Kutumvira n’ukugarariza ijwi ry’Imana: Ubugingo bwacu bwiza mu Mana n’inyishu yo kwumvira Imana n’intambuko y’ukuri hamwe na Yo. Tubwirizwa kuja mu kibanza co kwumvira kwose ijwi ry’Imana. Kutumvira no kugarariza ijwi ry’Imana bituma tubumbatira ivya kera kandi bikabera intambamyi yo kwimukira mu buntu bw’inkoro z’intumwa.

“Uku ni kw’Uhoraho nyen’ingabo agize, ni we Mana ya Bisirayeli, at’Ibimazi vyanyu vyo kwoswa enda ni mubirundanye hamwe n’ivyo

gukererwa, mwirire inyama! Kukw'ata co na bariye ba sogokuruza banyu, canke ngo ngire ico mbabwira ku musi nabakuriye mu gihugu ca Egiputa, ku vyo kwosa ibimazi canke kubikerera” Yeremiya 7: 21 - 23

Intambuko ibwirijwe gushika tuvuye inyuma y'abarongozi b'Ishengero runaka twinjira mu mwuzuzo w'uburongozi bw'ubwami bw'Imana. Habwirizwa kubaho inshingano z'ihinduka nk'uko tugendera mu kwumvira.

Ivyiyumviro vy'imitima yacu n'inyigisho zipfunganye z'ivyiyumviro vyacu: Ukwitaba kwacu mw'iyerekwa ry'Ijambo ry'Imana bizerekana ikibanza cacu mucu Imana igambiriye gukora naho igeze ubu. Ukuri, amabanga n'ihishurirwa rya Data ariko araduha muri iyi ntambuko ya none bishobora kutitwararikwa kubera bitasobanuwe. Nubwo biri uko, Imana ikorera mu nzira ishaka kandi n'ivyanditswe biratwereka yuko ivyiyumviro vyacu atarivyo vyiyumviro vy'Imana kandi n'inzira zacu sizo nzira z'Imana. **(Yesaya 55:8)**

“Nukw'Ishobora gukora ibirengeye cane ivyo dusaba n'ivyo twiyumvira vyose, nk'uk'ubushobozi bwayo budukoreremo buri” Abanyefeso 3:20

Tubwirizwa gutangura kugira hakurya y'ivyiyumviro bipfunganye bitahurwa gusa n'ivyiyumviro vyakamere kacu. Ivyiyumviro vyacu bibwirizwa guhinduka bikaba ivyiyumviro vy'ubwami aho duca dutangura kutahura umwuzuzo w'umugambi w'Imana. Tubwirizwa kuba maso munsiguro n'ico Imana ishaka gushikako mw'ijambo no mw'ihishurigwa, atari uko duhindura ijambo n'intambuko vy'Imana ubusa kandi tukavyita imburakimazi biturutse ku vyiyumviro no mu kwibaza vyacu bipfunganye.

Imigenzo y'abasokuru: Igihe ivyiyumviro vyacu vyaritse ku kuri n'amahishurirwa n'imigenzo y'idini twabayemwo, ntidushobora kurenga aho. Havukamwo idini kandi n'imigenzo ica itangura kwikwegamwo, bigatitura ijambo ry'Imana.

“Ijambo ry'Imana mukaritituzza imigenzo yanyu mwigishije: kandi mukora n'ibindi vyinshi ben'ivyo” Mariko 7:13

Imigenzo ni igikorwa c'idini, ni amategeko, ni ico abantu baharanira

gushikako, ni urukwirikirane rwabasokuru, ni umuco, ni ukwizera gufatiye kuri kamere, ni inkoro canke inyigisho vyahererekanijwe k'umunwa biva ku runganwe bija ku rundi canke ibikorwa bisubirira ihishurirwa rya Mpwemu w'Imana. Imigenzo irakuzwa kugira isubirire ijamba n'intambuko zivyo Imana iriko irakora naho iriko ikorera. Biroroshe cane gutakaza intumbero y'Imana hanyuma ugatangura kwitwararika n'umwete mwinshi ibikorwa n'imyanya bibwirijwe n'idini wiyumvira ngo Imana iri muri ivyo vyose kandi Itarimwo.

Abafarisayo n'abasadukayo bari abantu bazwi kandi nibo batanga imigenzo (**Mariko 7:13**). Mw'ishengero uno muni, ibikorwa vy'abafarisayo n'abasadukayo biraboneka mu gihe Imana igomba kuja kuyindi ntambuko y'urugezo rushasha mu kuri kw'Impwemu n'ihishurirwa.

“Maz'abafarisayo n'abanyabwenge b'ivyanditswe baza kuri Yesu bavuye I Yerusalemu, baramubaza, bati N'iki gitumye abigishwa bawe barenga imigenzo twabwirijwe n'aba kera, ntibakarabe ivyo bagira barye? Na we arababaza, ati None mweho, n'iki catumye murenga icagezwe c'Imana kubw'imigenzo yanyu?” Matayo 15:1 – 3

Impwemu y'Abafarisayo n'Abasadukayo ni inyifato ishingiyeye kuri kahise n'imigenzo y'idini igamije kubumbatira ijwi ry'intambuko ya kera hanyuma igashibura ijwi n'ukuri kw'Imana tugezemwo. Ivyo bivyara impwemu y'uburwanyirirako irasukwa yerekanwa n'ukwishira hejuru no kudahitamwo intambuko y'Imana mw'isi.

Ukutamenya no kutizera: Umwete utagira ubwenge ntushobora gushitsa umugambi w'Imana. Impanuka ihanamiye iyi ntambuko y'Imana n'ukubura gutahura ihishurirwa ry'ubwami bw'Imana. Inkomezi dukoresha mu kwubaka inzu zacu, ibikorwa (ministère) n'ishengero ry'Imana kugira ibibemwo vyerekanwa n'ibikorwa vy'imburakimazi bidahuye n'integuro y'Imana.

“Imana Rurema, yaremye isi n'ibirimwo vyose, iyo, kukw'ari yo Mwami w'ijuru n'isi, ntiba mu nsengero zubatswe n'amaboko, kandi ntikorera n'amaboko y'abantu, nk'uri n'ic'ankenye: kukw'ari yo yahaye bose

ubugingo, no guhumeka, n'ibindi vyose" Ivyakozwe n'Intumwa 17:24 – 25

"Uhoraho iy'atari we yubaka inzu abayubaka baba baruhira ubusa. Uhoraho iy'atari we azigama igisagara umuteramyi abera maso ubusa" Zaburi 127:1

Imana itera ija imbere ubudahumeka mu ntumbero yayo. Dukwiye kujana nayo kandi tukayihanga amaso kandi tukaba muri yo nk'uko itujanye mu masezerano. Tubwirijwe guhitamwo ubwacu uruhande rw'amasezerano.

"Hashize imisi itatu, abagaba abantu banyurangana aho bashagaje, babarira abantu, ati Ni mwabona isandugu y'isezerano ry'uhoraho Imana yanyu ireruwe n'abaherezi ari bo balewi, muze muce muhaguruka muve aho muri, muyikurikire, kugira mu menye inzira mukwiye kujana, k'uko mutigeze guca mur'iyi nzira. Mugabo hagati yanyu nayo haze hasigare ikirenge c'intambuko igihumbi, ntimuze muyegere. Maze Yosua abarira abantu, ati Ni mwiyeze, kukw'ejo Uhoraho azokora ibitanganza muri mwebwe." Yosua 3: 2 – 5

"Kand'ico gicu iyo kiduze kivuye kur'iyi hema, Abasirayeli ni ho babona kugenda; kand'abantu baca bahagarara, niho basagaza. Icagezwe c'Uhoraho ni co cahagurutsa Abisarayeli, kandi ni co cabaha gusagaza; igihe cose ico gicu camara kur'iryo hema, na bo baguma aho bashagaje." Guharura 9: 17 - 18

Igicu c'Imana kiriko kiragendagenda kandi kitudugana mu kindi kibanza gishasha. Tubwirizwa gushiraho ihinduka hanyuma tukagendera hakurya y'urutonde n'ikibanza twahozemwo, tugatangura kuba mu kibanza no mw'ihishurirwa ritomoye, ritabwirijwe ni ivyo dukenye canke tugomba. Kugendana n'Imana bisaba ihunduka. Mu Mana, ihinduka ni urukwirikirane rudahera. Imana yacu ni Mana igenda ija imbere mu nteguro yayo. Idusaba ko tujana imbere nimba tugomba kugendana nayo, atari uko ntituyishikira kandi tuguma turi mukibaza yavuyemwo. Imana ntishobora guhagarara gushika iroranije vyose vy'umugambi wayo mw'isi. Niy'ibihe bidashira kandi ntakarimbi ifise. Ukuri n'uku, ntibishoboka ko tujana n'Imana hanyuma tugasigara mu kibanza Imana yavuyemwo. Intumbero yo kujana

n’Imana yacu nuko Irondera gukuza ubucuti bwacu nayo. Ubwaguke bwo kuba mu bucuti n’Imana bizerekanwa n’umwimbu wacu mu Bwami bwayo.

Isandugu ry’Isezerano ryerekana Uhoraho n’ubwiza bwiwe hagati y’abantu biwe. Ubugombe bw’Imana kwari kugira abantu bahanze amaso Isandugu vy’Isezerano (Uhoraho n’ubwiza bwiwe). Babwirizwa kuva aho bari bashagaje bagakwirikira Isanduga ry’Isezerano (Uhoraho n’ubwiza bwiwe), Aho baca bamenya inzira bajana. Insiguro y’ivyo n’uko abantu b’Imana batari bazi muhira, kubera ivyo basabwa kwimuka mu gihe cose Uhoraho yimutse kandi ntibari barigeze guca muri iyo nzira kandi Uhoraho yabacisha mu nzira nshasha. Igihe cose hari umuntu w’inderetsi yarafise inzamba mu maboko kandi amaso yiwe yama ahanze igicu. Igihe igicu kigiye yaca avuza inzamba, abantu bumvise ijwi ry’Inzamba baca bahagarara hanyuma bakagenda n’igicu.

Turiko turagira mu gihe gishasha no mu nzira nshasha y’intumwa n’abavugishwa mu Mana kandi Imana iriko iducisha mu nzira Itigeze gucishamwo umuntu n’umwe. Imana idusaba ko tuyihanga amaso kugira ntiduhushe inzira n’intambuko zayo. Ni Imana yonyene ibona iherezo hakiri mu matanguriro kandi ni yo yonyene itwereka inzira Zayo.

Ndashima cane igikorwa vy’abarongozi bikomeye babayeho mu gihe giheze no mu ntambuko z’Imana za kera, ariko ibitabo vyabo ntibishoboye kuzana umugambi w’Imana mu gihe tugezemwo ubu. Ivyo bari bafise vyari vyiza cane mu gihe cabo kandi vyarabashoboje kwinjira mu buntu n’urugezo bakoreyeko, ariko ntibashoboye kutwereka ab’iki gihe inzira z’Imana kubera ata numwe yigeze gucishwa muri iy’inzi kuva imbere hose.

Hagati mu bayobozi harabuze ugutahura n’ukwerekana neza umugambi w’Imana. Ubutunzi bwa Data ntiburongorwa n’uko twiyumvira canke nk’uko tugomba ko vyogenda. Tubwirizwa kumenya igicapo c’inyubako y’Imana, ivyiyumviro vyayo n’ubugombe bwayo aho ni yo dukura inyigisho n’amabwirizwa mu buryo butumbereye neza.

Tubwirizwa gutahura intumbero y’inyubako z’Imana nk’uko amabwirizwa y’igicapo kiri muri Bibiliya. Imana ntiyubaka igikorwa ibanje gushushanya

n'ikindi. N'umuntu yubaka aravye uko uyundi yubatse. Mu kurondera gushinga igicapo n'amabwirizwa ya Bibiliya, ntidushobora kwemerera urutonde (méthode) ko ruhinduka amabwirizwa kandi tugatako tukabibikoresha mu gucinyiza abandi.

Imigenzo ikura mu gihe intumbero yatakaye, mu gihe atajambo ritomoye ririko riraza kuri twebwwe rivuye mw'ijuru kugira dutahure ivyo Imana iriko ikora canke ivyo iriko ikorera muri twebwwe muri iyi mwanya n'ibihe. Ihinduka vyaratanguye mu buryo bw'impwemu ivyo rero bikenewe kumenwa. Ukuri n'uko Imana yamaze kwimuka kandi umunsi mushasha werekanwa n'ubuntu bw'inkoro z'intumwa wazanwe kuri twebwwe. Inzamba y'Abavugishwa iriko irasemerera kandi n'Intumwa ziriko zirashiraho amatanguriro. N'igihe co kwimuka.

Ingendo yo kubora

Imana yarashizeho urugero rwo kubora kw'ijambo ryose ritaye igihe (manu iraye) ku ntambuko yose. Manu yari nziza gusa ku munsi wayo kandi ntiyari irekuwe kurazwa. Niko bimeze no kw'ijambo ryose riva mu kanwa k'Imana. Mu buryo bw'ubuhanuzi, tubwirizwa ku matana n'ivyo Imana iriko ikora ubu muri bino bihe vyo kugirwa basha arivyo bihe vy'iherezo.

“Abisirayeli babibonye, barabazanya, bat’ibi n’ibiki? Kuko batamenye ivy’ari vyo. Mose arababwira, at’Uwo n’umutsima Uhoraho abahaye kw’ivyo kurya. Ibi ni vyo Uhoraho yavuze, at’Umuntu wese yegeranye ibihwanye n’igisa ciwe, kand’ajanire abo mw’ihema ryiwe ingero yitwa omeru imwe imwe ku muntu ku muntu, nk’ukw’igitigiri c’abantu banyu kingana. Absirayeli babigenza bartyo, baravyegeranya, bamwe begeranya vyinshi, abandi bike. Babigeze kuri yangero yitwa omeru, uwegeranije vyinshi asanga nta co asaguye; uwegeranije bike asanga nta co akehaniwe: umuntu wese asanga yegeranije ibihwanye n’igisa ciwe. Maze Mose arabihanikiriza, ati Ntihagire umuntu abiraza. Yamara Mose ntibamwumvira: bamwe babirazako, basanga vyaboze, binyagara inyo. Mose arabarakira.” Kuvayo 16: 15 -20

Imana itubwira igihe cose ivyo dukeneye kwumva atari ivyo tugomba

kumva. Ubwenge bwacu ntiburongorwa n’ukuri, ariko bushobora kwemera kuba mu kuri. Dushobora igihe cose kumatana no kwemerera ijambo ry’Imana no guhinduka nkuko rivuga. Ntidushobora kwemerera ka hise kuganza k’ubu. Uko tubumbatira ihishurirwa riraye tuba tubumbatiye ivyaboze binyagara inyo.

Kujabuka hakurya y’umusi mukuru wa Pentekoti

Imana yarajabutse hakurya y’umusi mukuru wa Pentekoti. Tahura ibi; mu kuri no mw’ihishurirwa rya Bibiliya mu bihe vyarenganye bigumaho, ariko turiko turahishurirwa n’ijambo ry’Imana yuko uguhanga maso kwacu kudashobora kuguma no kugarukira kuvyo Imana yakozze kubera hari vyinshi cane mu Mana hakurya y’ingendo ya Pentekoti na karizimatike igomba gushitsa.

“Mbega sinakwandikiye vyiza vyo kukugira inama n’ivyo kumenya ubwenge, Nkakumenyesha neza amajambo y’ukuri, kugira ng’usubirane inyuma amajambo y’ukuri ku kubagutumye?” Imigani 22:20 – 21

“Ubu bugira bube ubwa gatatu nza I wanyu. Ijambo ryose rizoringanizwa bivuye mu kanwa k’ivyabona bibiri canke bitatu” 2 Korinto 13:1

“**Vyiza**” ni ukuri kw’amajambo y’ukuri. Hariho ukuri ntahinyuzwa kandi n’ukwemezwa ntakekeranwa kw’ibibazo vy’ibirindiriwe. Ivyo ivyanditswe bivuye mu **“ivyabona bitatu”** aho ijambo vyose rishimangiwe. Mu bucamanza urubanza rugira ibishingantahe ku vyabona kandi niho ukuri kurubanza gushimangiye. Icabona kimwe nticererwa habwirizwa kubaho ikindi kugira cemeze ivyavuzwe.

Ivyiza ni ivyabona bitatu. Hari ho igitigiri ntabanduka. Imana ikorera muri bitatu mu kuri kwayo no mu gukorana natwe. Bitatu kandi vyerekana urugenzo bw’ubucuti dufitaniye n’Imana. Imana ni IMWE, ariko yiyerekanira yo nyene mu butatu kugira iduhishurire ukuri kwose n’ihishurirwa nkuko vyabonekera mw’ihema.

Mpwemu – Amazi – Amaraso (1 Yohani)

Nzira – Ukuri – Ubugingo (Yohana 14:6)

Ubugingo – urupfu – ukuzuka (Yohana 11:25)

Ibihetangabo 30 – Ibihetangabo 60 - Ibihetangabo 100 (Matayo 13:23)

Pasika – pentekoti – Ihema (Kuvayo 23:14 – 16; Abalewi 23: 1 - 37)

Umwami umwe – Ukwizera kumwe – kubatizwa kumwe (Abanyefeso 4:5)

Yesu – Umwami – Kristo (Ivyakozwe n’Intumwa 2:36)

Kugikarabiro – Ahera – Ahera cane (Abaheburayo 9: 1 – 5, Kuvayo 25)

Ni ukugororoka – ni amahoro – ni umunezero (Abaroma 14:17)

Urugezo rumwe muri izo ruvuga ukutera imbere kwacu mu mpwemu, ubucuti nokuba mu Mana. Imana ni Imana iterimbere mu ntumbero kandi bisabwa ko natwe tujana nayo. Uko kuri gusaba gutahura. Ivyiyumviro vy’umubiri ntibishobora kwakira ibi nk’umugambi n’ukuri vy’iki gihe kubera vyanduza ukuba mu Mana.

Reka turabe muvyanditswe ivyo Imana yakoze mu nkuru z’imyaka ibihumbi. Hari iminsi mikuru itatu Imana yavuze kizotanganzwa ko ari iyera: Umunsi mukuru w’Imitsima Itambiwe (pasika), Umusi mukuru w’intangamarara (Pentekoti) n’umusi mukuru w’iyimbura rya vyose (Ihema) (**kuvayo 23:14 – 16, Abalewi 23:1 - 37**)

“Muze mugire imisi mikuru gatatu-gatatu mu mwaka: muze mugire imisi mikuru y’imitsima itambiwe (Pasika): nk’uko nababariye, mumare imisi ndwi murya imitsima itambiwe, mu gihe cashinzwe co mu kwezi Abibu, kukw’ari kwo mwaviriyemwo muri Egiputa: ntihaze hagire urenguka iminwe misa imbere yanje. Kand’umusi wo gusoroma ivy’akera, muze muwugire mukuru, ari wo w’intangamarara (pentekoti) w’ivyo mwacumukuriye, murima mundimiro. Kandi n’umusi w’iyimbura rya vyose(ihema) muze muwugire mukuru, igihe muzokwimbura ivyabatamije vyo mundimiro zanyu, kumpera y’umwaka” Kuvayo 23:14 – 16

Abana ba Isirayeli bavuye muri Egiputa ku musi wa **Pasika (Kuvayo 12:17)**

kandi uwo musu mukuru barawuhimbaje bamaze kwinjira mu gihugu c'isezerano musu y'uburongozi bwa Yosua (**Yosua 4:19 na 5:10 -11**). Abisirayeli barabandanije urugendo i Sinayi aho bahimbaje **pentekoti**, ariko abantu baranse kwumva ijwi ry'Uhoraho (**Kuvayo 20:18 - 21**). Ihishurirwa ry'urusengero n'igicapo c'ihema vyahishuwe ku musu wa **pentekoti** ku musozi Sinayi. Ivyambere vyo mu mpwemu vyatanzwe kuri **pentekoti** (**Abanyefeso 1:14**) mu gihe Mpwemu yatangwa.

Abarongozi benshi b'amashengero bashinze amahema iruhandi ya Pentekoti kandi bahisemwo kwigumira aho nkaho umenga Pentekoti n'iherezo ry'urugendo. Naho biri uko, tubwirizwa gutangura intambuko no kugendana n'Imana. Hariho umwuzuzo w'integuro n'umugambi vy'Imana. Naho Pentekoti iriko ubwiza bw'Imana s'iherezo ry'urugendo canke igihugu c'isezerano. Ishikiro nk'abizera s'ukuba muri Pentekoti naho benshi bayikunda. Abisirayeli bubatse amahera iruhande yawo, Imana yababwiye ko igihe bamaze gihagije none ko bakwiye kubandanya urugendo.

“Uhoraho arambarira, at'Igihe mu maze muzenguka iyi misozi kirahagije; ni mukeye, mugende mwerekeje i buraruko” Gusubira mu vyagezwe 2:2 - 3

Intumwa Paulo atubwira ko tutahamagariwe ku musozi Sinayi ariko twahamagariwe ku musozi Siyoni. Hariho urundi rugendo rukomeye gusumba kuvuka irya kabiri no kumva ko Mpwemu aturindiriye. Turakeneye gutera intambuko mu Mana.

“Ntimwegereye umusozi wokorwako, waka umuriro, kandi ntimwegereye umwiza w'umuzimagizan'uzw'umuzitanya, n'igihuhuta, n'inzamba ivuga, n'ijwi ry'amajambo; abavyumvise binginga kutabwirwa irindi jambo: kuko batabashije ivyagezwe, ngo Naho coba igitungwa gikoze kur'uwo musozi bacicishe amabuye. Kandi vyabonetse vyar'ibiteye ubwoba, vyatumye Mose Avuga, ati Mfise ubwoba cane, ndahinda agashitsi. Ariko mwegereye umusozi Siyoni, n'umurwa w'Imana nzima, Yerusalemu ho mw'ijuru n'ikoraniro rikuru ry'isinzi ry'abamarayika” Abaheburayo 12: 18 -22

Ihema niwo musu mukuru wa nyuma. Ishengero uno musu ryubatse hambavu y'umusi mukuru wa Pentekoti kandi ntanteguro rifise ryo kubandanya urugendo no gushikira umusi mukuru wa nyuma. Haraheze ibijana vyinshi hahimbazwa Pentekoti kandi niko bitegurira iyindi pentekoti izokwirikira. Naho biri uko ishengero ribwirizwa kurengana Pentekoti rigashikira umusi mukuru w'Ihema. Turakeneye kubabazwa ni ntambuko zidashitse mu mu hamagaro w'Imana.

Ibikorwa vya pentekoti na karizimatike ntivyazanye ukugororoka gushitse mw'isi. Hari vyinshi gusumba Pentekoti na karizimatike. Umusi mukuru w'ihema ni uwa gatatu kandi ni mukuru niho umwuzuzo wa Mpwemu uzotangirwako.

“Nuko ku musu uherukira ya misi mikuru, niwo musu uruta iyindi, Yesu arahagarara, arasemerera, ati namba har'ufise inyota, n'aze kuri jewe, anywe. Unyizera, inzuzi z'amazi y'ubugingo zizotemba ziva munda yiwe, nk'uvyanditswe bivuga.” Yohana 7: 37-38

Aha Yesu ntiyariko aravuga pentekoti gusa. Yariko aravuga umusi mukuru wanyuma uruta iyindi ari wo musu w'Ihema uzotuma imbizi z'amazi ya Mpwemu atemba gusumba ubwambere hose. N'imbizi z'amazi ya Mpwemu zizotemba ziva mw'ishengero. N'umwuzuzo w'igikorwa c'ihishurirwa n'ubwiza bw'Imana. N'umwuzuzo w'umusi mukuru w'Ihema kandi umenyekana nk'umusi mukuru w'ukuzura kw'amasezerano.

“Ariko n'ukuri, ndahiye uguhoraho kwanje, ndahiye n'isi yose izokwuzura icubahiro canje, jewe Uhoraho” Guharura 14:21

Ishengero ubu rihagaze ku gwinjiriro ry'umusi mukuru uruta iyindi, kunkengera y'ihinduka riva mw'ishengero ry'umwaka wa Pentekoti ryinjira mu ntambuko nshasha ry'umwaka w'Ihema ry'ubwami. Iri hinduka rizozanana n'inkoro y'urugezo rw'intumwa n'abavugishwa mw'ishengero. Uy'umwuzuzo n'isukwa rya Mpwemu uzokomeza ishengero mu gukorana n'ububasha bw'ijuru mw'isi nkuko ubugombe bwa Kristo buri.

Iyi ntambuko n'urugendo rw'impwemu mu Mana ruvuga canke rwerekana

amashengero atatu. Ishengero rya mbere ni **ishengero rya Pasika** ryashinzwe musi y’ubuyobozi bwa Mose:

“Uwo Mose ni we yabwiye Abisirayeli, at’Imana izobahagurukiriza uwuvugishwa na yo mu b’i wanyu, ameze nkaje. Kand’uwo Mose ni we yari mw’ishengero ryo mu bugaragwa, ari kumwe n’umumarayika yavuganiye na we ku musozi Sinayi, kand’ari kumwe na ba sogokuruza; kandi yaherejwe amajambo y’ubugingongw’aduhe.” Ivyakozwe n’Intumwa 7: 37-38

Ishengero rigira kabiri ni **ishengero rya pentekoti** ryashizweho musi y’ubuyobozi bw’intumwa mu **vyakozwe n’Intumwa 2** mu gihe Mpwemu yasuka ku musi wa pentekoti.

Ishengero rigira gatatu ni ishengero ry’Ihema ari naryo riri mw’ihinduka uno musi. Umugambi w’iri shengero n’ugushinga Ubwami bw’Imana mw’isi. Ishengero ry’Ihema ni ishengero rigira mu gukura, nk’abana b’Imana mw’isi. Hazoba imbizi z’amazi y’ubugingo zizotemba ziva muri iryo shengero. Kandi ubwiza bw’ir’Ishengero buzosumba ubwo hambere.

“Kand’ah’urwo ruzi ruzoshika hose ikintu cose kizima gikunda kunyogomba mu mazi kizobona uko kibaho; kandi hazobamwo n’isinzi ry’amafi ryinshi kuw’ayo mazi ashitseyo, kand’amazi yo mu kiyaga azokira, ikintu cose kizima kibone uko kibaho ah’urwo ruzi ruzoshika hose” Ezekiyeli 47:9

Iyi ntambuko nshasha y’Imana kw’isi izozana uguhinduka ku bwami nk’uko ubuhanuzi buvuga:

“Umumarayika w’indwi avuza inzamba: mw’ijuru hakurikira amajwi arenga, at’ubwami bw’isi buhindutse ubw’umwami wacu n’ubwa Kristo wiwe, kand’azohora ahanganye ibihe bitazoshira” Ivyahishuriwe Yohana 11: 15

Uno munsu hariho mw’isi intambuko nsha y’Imana. Uhoraho ariko arahagurutsa kandi arungika intumwa n’ayandi mabango ukw’ari atanu mu mpande zose z’isi. Iyi ntambuko izoshira ishengero mu mabwirizwa

y'ubwiza buhebuje kandi izoshinga ubwami bw'Imana mw'isi. Imana iriko irubaka ishengero ryayo mu kwera kwayo kandi iriko irahishurira igicapo c'abubatsi babahinga (intumwa).

III. INTAMBUKO YO GUHINDUKA

Muri ino saha Mpwemu w'Uhoraho abundikiye Ishengero ariko aritera igitutu c'ihishurirwa risha ry'umwuzuzo w'umugambi w'Imana mu gikorwa c'intumwa. Muvy'ukuri uyu ni umwanya usobanurwa mu Bwami bw'Imana. Ni igihe c'umugambi. Ni igihe ca Kairos (igihe ca toranijwe). Imana igomba kumenyesha ivyagezwe vyayo no gutanga ugutahura ku butware bw'ubwami bwayo. Ukwo gutahura kuzozana uguhinduka mu bayobozi hamwe n'ihinduka rizonyiganza amatanguriro no gudutegurira kuba mu bwiza bugira buhishurwe. Ikintu cose kitubatswe neza ku matanguriro y'Imana kizosubirwamwo kubakwa canke kizotumuka.

“Iryo jambo, ngo hasigaye rimwe, ryerekana gukurwaho kw'ibinyiganyizwa, kukw'ar'ivyaremwe, kugira ngw'ibitoshobora kunyiganyizwa bigumeho. Ni co gituma, kuko twakira ubwami budashobora kunyiganyizwa, dukwiye gukenguruka, kugira ngo tubone ingene dukorera Imana tuyihimbaye” (Abaheburayo 12:27-28)

Yohana Umubatizi yigisha ubwami bw'Imana kandi kuvy'ukuri yari umuhizi muri ubwo butumwa bwiza. Ariko ntiyimutse ava mu vyakera yariko akora y'injira mu butumwa bwiza bw'ubwami Kristo yariko yigisha, kubera ntiyari bwatahure mu buryo butomoye bw'umwihariko umwuzuzo w'ubwami. Yabivuye kandi yamamaje ivyo, ariko ntiyari bwavyinjiremo canke ngo abibemwo. Dushobora kudashikira no kuba muco Imana igambirije gukora, kiretse twiyoboye twebwe nyene tugavuye mu kwakira ivyo Uhoraho yaduteguriye.

“Kandi jewe sinari bwamumenye, arik'uwantumye kubatiza mu mazi, ni we yambariye, at'Uwo uzobona Mpwemu amanuka aja kuri we, akamugumako, ni we abatiza muri Mpwemu Yera. Nanje narabibonye, narabishingiye intahe y'uko ar'Umwana w'Imana. Bukeye bw'aho, Yohana yongera guhagararana na babiri mu bigishwa biwe, yitegereza Yesu agendagenda, aravuga ati Nguyu Umwagazi w'Intama y'Imana. Abo bigishwa babiri bumvise ukw'avuga, bakurikira Yesu.” Yohana 1: 33 – 37

“Havyuka ibihari ku bigishwa ba Yohana n'umuyuda ku vyo

kwihumanura. Baza aho Yohana ari, baramubwira, ati Mwigisha, uwo mwarikumwe hakurya ya Yorodani, umwe washingira intahe, erega nawe arikw'arabatiza, kandi bose baza kuri we. Yohana arabishura, ati Nta co umuntu ashobora kuronka ubwiwe, atagihawe kivuye mw'ijuru. Ni mwebwe ubwanyu munshingira intahe yuko navuze, nti si jewe Kristo, ariko natumwe kumwitangira imbere. Uhawe umugeni ni we mukwe, ariko umugenzi w'uno mukwe amuhagaraye i ruhande umwumva, anezerwa cane n'ijwi ry'umukwe; nukw'ako kanyamuneza kanje karashitse. Urya akwiye gukuzwa nanje ngirwe muto.” Yohana 3: 25 – 30

Dusomye twitonze ibivyanditswe biratuma dutahura yuko igikorwa ca mbere ca Yohana umubatizi kwari uguhishurira Mesiya abantu. Yohana yashikije ico gikorwa mu gihe yavuga, ***‘Ng’uyu mwagazi w'intama w’Imana’***. Ariko Yohana yabandanije na minisiteri yiwe, yigisha, abatiza kandi agwiza abigishwa, Yohana n’abigishwa biwe ntibubahutse kuba abigishwa ba Yesu. Icemezo c’ivyo n’uko na twebwe turushirizaho kuba abigishwa ba Yohana.

“Yohana amaze gushirwa mwibohero, Yesu aja I Galilaya, ababwira ubutumwa bwiza bw’Imana. At’ Igihe kirashitse, ubwami bw’Imana buri hafi: mwihane, mwemere ubutumwa bwiza” (Mariko 1 : 14-15)

Nk’uko ico canditswe co haruguru kivuga, Yesu ntiyigeze atanguza igikorwa ciwe ku mugaragararo mu gihe Yohana yaracigisha kandi abatiza. Yesu yatanguye kwigisha amaze kumva ko Yohana ari mwibohero.

Turi mu gihe c’iyimuka ridasanze ry’ubuyobozi bw’ishengero. Tubwirizwa kuva inyuma ya ministere n’ishengero rya Yohana umubatizi ryamenye ko umwagazi w’intama w’Imana watanze ariko bakanka kumukwirikira. Igihe c’ihishurirwa ry’Intumwa kiriko kirasukwa mw’isi yose, ntitubwirijwe gusa kubimenya ariko tubwirijwe guheba amahishurirwa ya Yohani Umubatizi twari tubumbatiye tukemera kuba mw’ihishurirwa ry’ubuntu bw’intumwa z’Imana.

IV. KWUBAKA INGORO Y'IMANA

“Uku ni k’Uhoraho agize, at’Ijuru ni ryo ntebe yanje y’ubwami, isi na yo n’indava y’ibirenge vyanje: muzonyubakira inzu ki, kandi n’ahantu ki hombera uburuhukiro? Kukw’ivyo vyose intoke zanje ari zo zabiremye, bikabaho vyose, ni k’Uhoraho agize; arik’umuntu w’impahazwa afise umutima umenetse, agahindishwa agashitsi n’ijambo ryanje, uwo ni we nzohozakw’ijisho” (Yesaya 66:1-2)

Muri make, Uhoraho ariko abwiriza imitima yacu muri ubu butumwa. Iki n’igice gikuru mu vyo ntumbereye kuvuga kuvyo Uhoraho ariko arazana abantu biwe gutahura. Ashaka ko dutahura umugambi wiwe, ivyipfuzo vyawe n’ibintu ashaka ko bishitswa muri kino gihe c’iherezaho.

Nkuko tubandanya kudodora ku mutima w’Imana turondera kumenya ukuri k’umugambi wiwe, tubwiriza kumenya ko icipfuzo kimwe c’Imana ni kuronka ikibanza c’uburuhukiro, inzu yayo ngaha kw’isi. Iki kibanza c’uburuhukiro ni ekklesia y’Imana (Ishengero) kandi Uhoraho ariko arubaka inzu yiwe. Igikorwa c’Intumwa gifise intumbero yo gushira hamwe abantu abo Imana ishobora kubamwo nk’inzu yayo y’impwemu. Hariho urukwirikirane rw’inyubako kandi turakeneye ivyiyumviro vy’urwubako no kubona ipfunikwa ry’inzu y’Imana.

“...Kandi kur’urwo rutare nzorwubakakw’ishengero ryanje, kand’amarembo y’I kuzimu ntazorishobora ” (Matayo 16:18)

“N’uko ntimukir’abashitsi n’akavantara, ariko musangiye ubwoko n’abera, mur’abo mu ngoro y’Imana; kuko mwubatswe ku mabuye y’itanguriro, ari yo ntumwa n’abavugishwa n’Imana, Kristo Yesu ari we buye rigumya imfuruka. Muri we ingoro yose, yubatswe neza, irakura, ngw’ibe urusengero rwera mu Mwami wacu. Muri we namwe murubakanwa, kugira ngo muheshwe na Mpwemu kuba ingoro Imana ibamwo” (Abanyefeso 2:19 -22).

Ijuru s'inzu y'Imana. Ivyanditswe vyerekana ko ijuru ari intebe y'Imana. Hariho itandukaniro rinini hagati y'intebe n'inzu. Inzu y'Imana iri mu rwubako kuva mu bihe vyinshi, no kuva kandi mu matanguriro yiremwa gushika uno musi. Ishengero ryabaye ibanga ry'imyaka. Uko duhishurirwa ibanga, nduca dutahura ishengero. Uku gutahura kuradufasha gusobanura amamuko yacu n'umugambi wacu. Tubwirizwa kumenya urukwirikirane rw'inyubako rw'inzu y'Imana nkuko Iriko Irondera ikibanza c'uburuhukiro hagati y'abantu bayo mw'isi.

Impanuka iraririye iki gihe ni kutamenya intumbero na pura y'inyubako y'inzu y'Imana mu buryo bw'umwihariko. Ishengero ryabaye inyubako z'umubiri nkuko bamwe bavyiyumviriye bigahinduka igitero co kutamenya umugambi n'insiguro y'ukuri y'ishengero. Mu kigiriki ishengero ni **“eklesia”**. Iryo ijambo ryubatswe mu majambo abiri – **ek**, risobanura gukura irindi – **kaleo**, risobanura guhamagara. Ivyo bisobanura ko ishengero ari abantu **“bahamagawe ngo bavanwe ahanu”**, n'umuryango canke umugwi w'abantu. Turi Ishengero rya Yesu Kristo kandi turi inzu y'Imana kandi turi ikingi ishigikiye ukuri (***Abaheburayo 3:6***).

“Ariko ni naba ngitevye n'ukugira ng'uzumenye uko bikwiye kugenzwa mu ngoro y'Imana, ni yo shengero ry'Imana nzima, vyongeye ni yo nkingi ishigikiye ukuri.” (1 Timoteyo 4:15)

Kubura intubero no gutahura icarico ishengero vya tumye bamwe bavuga ko gukoranira hamwe mu masengero atari ukuri. Turavye mu gitabo c'ivyakozwe n'intumwa turabona ko ishengero ryakoranira mu mazu no kubibanza bininibinini (***Ivyakozwe n'Intumwa 2:46***). Intumwa zashishikara imisi yose kuba mu rusengero. Isengero cari ikibanza cera aho Ishengero rikoranira.

Igikorwa c'Intumwa kirempera Ishengero kandi ntikirirwanya. Ariko igikorwa c'Intumwa gishingiye kucitegererezo c'isezerano rishasha mu gushitsa ubugombe bw'Imana ngaha mw'isi. Muri iki gihe c'iherezo, ishengero ribwirijwe kuva inyuma y'inkoro ya Baburoni n'ikinyedini kiriko kirarinyogombamwo.

Abana b'Isirayeli mw'isezerano rishasha bari **ekkklesia** (Ishengero) nkuko vyerekanwa mu **vyakozwe n'Intumwa 7:38**. Imwe mu ntego z'Imana n'uko Ishengero ryoba igikoreshe co gushinga ubwami bwayo mw'isi. Ishengero riserukira ubwami bw'Imana kw'isi, kandi rifise intumbero yo kuzana ubukoroni bw'ijuru mu gushinga ubwami bw'Imana. Ishengero ryo mw'isezerano rya kera ryari rifise igikorwa co guteza ibintu by'ubwami bw'Imana mw'isi. Nkuko ryahamagawe ngo rikurwe muri Egiputa, icyifuzo c'Imana kwari kubarobanura nk'ihanga rimwe yihariye kugira baserukire ubwami bw'Imana kandi berekane ubugingo na kamere k'Imana mu yandi mahanga n'ubundi ubwami.

Mu kugendera mu kuri no mu kumvira kwabo mu kugendana n'Imana, abana ba Isirayeli basobanura kandi berekanwa nk'ubwami musiyubutwara bw'Imana. Umuco wabo, imitegekere n'amabwirizwa vyabo vyari bitandukanye n'abandi (**Esiteri 3:8**). Muri iki gihe ca none Ishengero ni igihugu, Ijambo igihugu rivuye mu kigiriki "**ethnos**" risobanura ubwoko bw'abantu, imiryango y'abantu basabagiye, ariko bashinzwe mu bwami bumwe mu mategeko amwe, imitegekere imwe, n'umuco umwe musiyubuyobozi n'ubutwara bw'Umwami Yesu Kristo.

Umugambi w'Ishengero mw'isi ni kuyobora ubutwara bw'ubwami bw'Imana. Abahamagawe kubw'ubuntu bw'Imana ngo binjire mu muryango wa bahamagawe, ntibahamagariwe gusa kwibera mu gakiza no mu buzima budashira, ariko bahamagawe ngo bigishwe amabwirizwa y'Imana n'ubwami bwayo kandi no guteza imbere kamere y'Imana mw'isi. Intego y'ishengero ni kwitwararika kwamamaza no gushira ahabona ubutumwa bwiza bw'Ubwami bw'Imana. Ico gikorwa kizozana inagurwa vy'ukuganza kw'ijuru mw'isi no gusohora ukuganza kwa satani mu bantu. Integuro n'ivyipfuzo vy'Imana n'ukwimika ubwami bwayo mw'isi no gushira ibintu vyose musiyindava kubwo kugaruka kwa Yesu Kristo (**Zaburi 110:1-2, Abaroma 16:20**)

Mwibuke neza ko Ishengero ry'Imana si ikiziga kandi ntiriri kupfiro.

Ishengero ririko rirakura mu guhinduka ubwiza bw'umubiri wa Kristo. Ishengero rizerekanwa nk'ubutunzi budaharurika bwa Kristo. Ishengero rizomenyekanisha ubwenge bwagahebuza bw'Imana mu mitegekere n'ubushobozi bw'ahantu ho mw'ijuru, nkuko umugambi w'ibihe bidahera uwo Imana yateguriye muri Kristo imbere y'amatanguriro y'isi.

Uhoraho ntazoba mu nzu ituzuye kandi n'ubwiza bwayo ntibuzururukira mu nzu y'umuroha n'umusaka. Kubw'ivyo Ishengero ntiriraba mu mwuzuzo w'ubwiza bw'Imana buzosumba ubwa mbere. Ishengero rizohishura icubahiro c'ubwiza bw'Imana. Kugira ivyo tubishikire tubwirizwa gukura ibizibizo vy'ubwoko bwose, kutumvira, umwijima wo kutamenya, ubuhumyi bw'impwemu, kutaba umwizigirwa, uburozi n'igono. Intego y'Imana mu kuba hagati yacu ni kwerekana ubukuru bw'icubahiro c'ubwiza cayo. Ni kubw'umwubatsi inzu yakira ubwiza (**Zekariya 6:13**).

Ubugombe bw'Imana kuva mu matanguriro ni kuronka ikibanza c'uburuhukiro c'inzu mu bantu. Mw'Itanguriro, Imana yarushirizaho kugendera Adamu na Eva muri Edeni. Ivyo bivuga ubucuti bwacu umuntu afitaniye n'Uhoraho.

“Bumva ijwi ry'Uhoraho Imana agendagenda mur'iryo tongo mu gihe c'akayaga ko ku kagoroba: uwo muntu n'umugore wiwe binyegeza mu biti vyo mur'iryo tongo, ng'Uhoraho Imana ntababone. Uhoraho Imana ahamagara umuntu, aramubaza, at'Uri hehe? ” (Itanguriro 3:8-9). Mose yakiriye ukumenya ko abana b'Isirayeli bakwiye kwubakira Uhoraho Imana inzu kugira ababemwo hagati. Ubugombe bw'Imana kuva muntango y'imyaka ni kurondera ubwugamo, uburuhukiro mu muntu kw'isi.

“Kandi bangirire hagati ahera ho kuba, kugira ngo nze ngerere hagati muri bo. Nk'ukw'ivyo ngira nkwereke vyose bimeze, mu vy'ikigereranyo c'iryo hema nzobamwo, no mu vy'ikigereranyo c'ibintu vyaryo vyose, abe ari ko muzobikora” (Kuvayo 25: 8 - 9).

Muri iki gihe turimwo, Uhoraho yaravuye mu mahema yubatswe n'intoke z'abantu kandi ariko yiyubakira ihema mu bantu ari ryo shengero nk'inzu yayo yokubamwo mw'isi. Twahindutse ingoro y'Imana aho Imana iba.

Ntabwo Imana ifise integuro yo kugendera abantu nkingezi ariko iriko irondera inzu yo kubamwo. Tubwirizwa kuja hakurya yo kuba mu kugendererwa n’Imana, ariko tugahinduka inzu. Imana ishaka kuba mu nzu yayo.

“Numva ijwi rirenga, rivuye kuri ya ntebe, rit’Eh’ihema ry’Imana riri kumwe n’abantu, kand’izogerera muri bo, nabo bazoba abantu bayo, kand’Imana ubwayo izobana na bo, izoba Imana yabo” (Ivyahishuriwe Yohana 21:3)

Ibitabu vya Ezira na Nehemiya mu buhanuzi bivuga isanurwa ryo gusenga biciye mu gushiraho umushinge w’ingoro y’Imana. Dusomye twitonze igitabu ca ***Nehemiya 4:6-18*** kiradusobanurira ukuri nkenyerwa mu rukwirikirane rw’inyubako no mu gusanura ingoro y’Imana.

Mu kubona inzu y’Imana yubatswe, ivyiyumviro vyacu (firozofi, imigenzo) bibwirizwa guhinduka tukagira ivyumviro vy’inyubako, kuja hamwe kw’amabuye afise ubugingo ashobora kuduza uruhome n’inyubako. (Turi amabuye afise ubugingo yari yarasabagiye ari na yo ariko arakoranywa, arabazwa kandi dushingwa mu kibanza cacu kugira dukore kandi duhinduke nk’inzu).

Ikirundo c’amabuye kitagira urutonde ntigishobora kuduza inzu, ariko gishobora kuzana uruhongo rwubatse “**abantu b’amagufa yumye**”. Kugira ishengero rirengane urugezo rw’iki gihe, ibuye rimwerimwe rihura n’irindi hanyuma rigashingwa neza. Ibuye rifise ubugingo ribwirijwe kubazwa neza hanyuma rigashingwa ku rutonde. Umurongo mwiza urakenewe mu kubaka inzu y’Imana.

Abenshi uno musu ntiberekana urutonde mu nzu y’Imana. Hari akajagari n’urwangara nkuko umwe wese arondera inzira yiwe. Nibake barondera Imana bakwirikiye ijamba ryumvikana. Ivyo bitera uruhendo rw’abigira abarongozi ataribo kandi bituma ishengero riyerera nkagati kari mu ruzi. Mu gihe ivyiyumviro vyacu vyarikiye kandi bishingiye kuri kahise n’inyigisho twabayemwo, tidushobora kugendana n’Imana kandi imigenzo ibwirijwe n’abantu ica itangura kwikwegamwo, bigatuma duhindura ubusa Ijambo

ry’Imana (**Mariko 7:13**).

Umugenzo n’ibikorwa vy’idini, amabwirizwa, integuro, uvyizerwa, inkoro canke inyigisho zahererekanijwe ziva ku runganywe rumwe zija ku rundi kubw’amajambo yakanwa kacu canke imigirwa igomba gusubirira ihishurirwa rya Mpwemu w’Uhoraho. Imigenzo irakuzwa kugira isubirire ijambo ry’Imana mu gihe abantu bataye intumbero yivyo Uhoraho Imana yababwiye gukora na ho iriko ikorera. Biroroshe gutakaza intumbero y’Imana hanyuma ukitwararikana umwete mwinshi ibikorwa n’intonde zibwirijwe n’idini twiyumvira ko Imana iri muri vyo, kandi itarimwo.

Abafarisayo bari abantu bashira hejuru imigenzo (**Mariko 7:3**). Mw’ishengero uno musu, Ukwiyerekana kw’impwemu y’Abafarisayo biraboneka mu gihe Imana itanguye kwimurira ishengero ku rundi rugezo rw’ukuri mu mpwemu no guhindura urutonde n’inyubako bihishurirwa mu mubiri wa Kristo.

“ Maz’Abafarisayo n’abanyabwenge b’ivyanditswe baza kuri Yesu bavuye I Yerusalemu, baramubaza, bati N’iki gitumye abigishwa bawe barenga imigenzo twabwirijwe n’aba kera, ntibakarabe iyo bagira barye? Na we arababaza, ati None mwaho, n’iki catumye murenga icagezwe c’Imana kubw’imigenzo yanyu ?” (Mariko 15 :1 -3).

Abasadukayo n’Abafarisayo bari barigishijwe kumara imyaka 400 hagati y’igihe ca Malaki na Yohana Umubatizi. Kumara ico gihe c’umwijima Imana ntiyatanga ubuhanuzi kandi ntiyihishurira abantu mw’isi. Umuce w’Abasadukayo n’Abafarisayo washizweho ku ntubero yo gushiraho urupfatiro rwo gucungerera neza ubwizigirwa bw’Ijambo ry’Imana n’amabwirizwa y’Imana. Uy’umuce w’Abasadukayo n’Abafarisayo ni wo wahindutse ukomeye mu kurwanya kandi no guhama Ijambo ry’Umwami Yesu Kristo. Ntibari bashobora gusuzuma intambuko y’Imana mw’isi kandi bahinduka abarwanya abo Imana yatoranije kuyikorera. Impwemu y’Abasadukayo n’Abafarisayo irahari uno musu mw’ishengero kandi irondera gucurika umugambi w’Imana mw’Ishengero.

Impwemu y'Abafarisayo yarataye igihe kandi n'ubumara bw'intambuko zishaje no kutumvira ijwi ry'ukuri bibumbatiwe n'ishengero ry'umugenzo. Abarongozi bamwe bari mu mpanuka z'ingingo bafata kubw'ukubura ugutahura n'ihishurirwa rya Mpwemu Yera kubijanya n'igikorwa c'Imana. Ivyo biha impwemu ya Yezeburi ikibanza co kwinjira no kuganza ibikorwa vy'Ishengero.

Ubuhinga bwo kubaka

Igicapo ca *Nehemiya 4 :6-18*

1. Ivyiyumviro mu bantu vyo kwubaka (umurongo wa 6). Ukugaragara kw'ivyiyumviro vy'umugambi w'urwubako, ugukoranya amabuye afise ubugingo kugira aduze uruzitiro. Habwirijwe kuba ugushirahamwe kw'abantu hamwe n'ibikorwa vyishura umugambi w'Imana na pura y'Imana nimba tugomba guheraheza gahunda y'Imana kw'isi. Ntitugomba kubaka dukwirikije inyubako za kera; habwirijwe kubaho ijambo ry'ubuhanuzi bw'umwihariko butanga intumbero y'icitegererezo c'urwubako rw'Intumwa mw'Ishengero muri kino gihe.

“Nuko mumwegere, ari we buye rifise ubugingo, ryagawe n'abantu, ariko ku Mana ryaratoranijwe, riri n'igicro, mwubakwe nk'amabuye afise ubugingo, kugira ngo mube inzu yo mu buryo bw'impwemu, mugire ibango ry'ubuherezi ryera, ngo mutange ibimazi mu buryo bw'impwemu, bishimwa n'Imana kubwa Yesu Kristo ” (1 Petero 2 : 4-5).

2. Uruzitiro rw'i Yerusalemu rusubira kubakwa (Umurongo7). Iyindi nsobanura uruzitiro rw'i Yerusalemu rusubira kudukwizwa. Uyu murongo uvuga ikuzwa ry'ingabire, n'amabango atanu kuko afise intego y'uburiza yo kubaka Ishengero mu muntu atunganye no kugera umwuzuzo w'igihagarariro ca Kristo (*Abanyefeso 4 :8-16*). Ibango ry'Intumwa n'abavugishwa zifise igikorwa c'umwihariko, co gushiraho umushinge aho inyubako y'Ishengero iduzwa ifatanye. Iryo bango niryo ryonyene ryatanzwe, zishoboye gushiraho umushinge mw'Ishengero (*Abanyefeso*

2 :20). Kunagurwa ry'ibango ry'Intumwa n'Abavugishwa n'Imana rizotuma igikorwa c'urwubako gitangura kandi Ishengero rizokura nk'ingoro yera y'Imana biciye muri Mpwemu w'Uhoraho. Uhoraho azokwakira iyo nyubako kandi azoca ayibamwo. Ishengero rya Kristo ribwirijwe kubakwa mu citegererezo kiri mu vyanditswe.

3. Kubakana ivyiyumviro vy'intambara (Umurongo 15-18). Nkuko biri mu ***Banyefeso 4 :11***, Nkuko ingabire zo kuduza uruzitiro ziriko zirasukwa mu kwubaka. Ibikorwa vy'umurwanizi bibwirijwe kumenyekana. Mwitegurire intambara (urugamba) y'impwemu. Kubakana ivyiyumviro vy'intambara kugira tubone inzu y'Imana yuzuye kandi ubwiza bwayo buyitwikiriye. Mu ntambara yacu, tumenye neza ko irangizwa kandi ibangurukanywa ry'urugamba ari Kristo kuko niwe asangangura ibifise ububasha. Ntiturwanisha inyama n'amaraso (***Abanyefeso 6 :12***) ariko gushinga intahe kwacu nk'umuryango w'ubwami bw'Imana ni uguhagarara mu ntsinzi ya Yesu hamwe no kwamamaza ijambo ry'Imana. Semerere hejuru ku nzu muvuge ko intambara zabangurukanye ! (***Korosayi 2 :15, Yesaya 40 :1-2***). Tubwirizwa kumenya igihagararo cacu n'ububasha bwacu muri Kristo.

4. Kumviriza ijwi ry'inzamba (Umurongo 19 -20). Inzamba y'Imana iriko iravuga muri kino gihe ca nyuma. Benshi ni bitumva ntibariko bumva inzamba y'Imana kandi ntibumva ijwi ry'inzamba. Benshi ntibitwararitse ihishurirwa iryo Mpwemu Yera ariko arasuka muri kino gihe. Ikimenyetso n'ishashara biriko birahomoka kandi ihishurirwa ry'ibanga ry'i pura n'umugambi w'Imana biriko birahishurwa. Harekuwe iryera vya hera kuri twebwe no kwemererwa kumva no kumenya ubugombe n'umugambi w'Imana. Tubaye mu gihe gisha c'ihishurirwa (***Ivyahishuriwe Yohana 10 :7***). Ishengero ribwirijwe kwinjira no guhanga amaso ivyo Uhoraho ariko aravuga.

Kuba maso

Kuburabuza ivyo (Nehemiya 4: 8). Iyindi nsobanuro ni **gushiramwo uruhendo**. Umwansi arigana umugambi w’Imana. Umwansi agomba gushiramwo uruhendo kugira ntitwuzuze inzu y’Imana. Intumbero y’umwansi ni gusanzaza no kuburabuza urukwirikirane rw’inyubako y’Imana mw’isi. Ukutamenya no kutizera ni ntambara irwanya umugambi w’Imana muri iri hinduka kandi n’urupfunguruzo rwo kutuburabuza ntitwinjire mu mugambi w’Imana n’inzira Zayo (**Abaheburayo 3 :1-19**). Uko dutera imbere tube maso kubw’ibinyoma n’umuyaga w’amahishurirwa, isobanuro z’abantu, filozofi n’uruhendo muri iki gihe c’ukuri kw’Imana.

Imigenzo n’intonde z’amadini bituruka mu kubura ijwi ry’ukuri riva mw’ijuru no guhanga amaso imitegekere y’ubwami bw’Imana. Muri kino gihe c’igarukanwa c’igikorwa c’Intumwa mu gushinga ubwami bw’Imana, imigenzo yose y’abantu n’inkoro z’i Baburoni zo kuganzanya ubushobozi vyigishijwe nk’inyigisho zihagaze kurwanya ijambo, ivyo Mpwemu azobivamwo bisanzare. Izo mpwemu z’Abafarisayo zizocika intege kubw’ihinduka n’uburemerezi bw’amajambo y’ihishurirwa ry’ukuri rya none. Ihinduka rizoza uguhingura ubucuti bwacu n’Imana.

“Basengera ubusa, kukw’inyigisho bigisha ar’ivyagezwe n’abantu. Ahamagara ishengero araribwira, ati Ni mwumve, mu bitahure. Arabishura, at’igitewe cose, Data wo mw’ijuru atateye, kizorandurwa” (Matayo 15: 9, 13).

Ishengero ni ikibanza c’uburuhukiro bw’Imana. Igihe urwubako rw’ingoro y’Imana rurangiye ubwiza buzokururuka.

“Araheza ashirah’urugo rukikuza iryo hema n’igicaniro impande zose, ashiraho n’impuzu yo gukinga mw’irembo ryayo. Uko niko Mose yarangije ico gikorwa. Maze ca gicu gipfuka ihema ry’ibonaniro, ubwiza bw’Uhoraho bwuzura mw’ihema ry’imbere. Mose ntiyashoboye kwinjira mur’iryo hema ry’ibonaniro, kukw’ico gicu cari kuri ryo, n’ubwiza bw’Uhoraho bwuzuye muri iryo hema ry’imbere ” (Kuvayo 40 :33 - 35).

“Uko ni kw’igikorwa cose Salomo yakoreye ingoro y’Uhoraho carangiye. Nukw’abavuza inzumbete n’abaririmvyi bahuza amajwi, bakumvikanisha ijwi rihuye batazira Uhoraho bamukengurukira, bavuze ijwi rirengera izo zumbete na matowazi n’ibintu bicurarangwa, bagatazira Uhoraho, bat’Uhoraho ni mwiza, kukw’imbabazi ziwe zamah’ibihe bidashira ; nukw’ako kanya igicu c’igipfungu gica cuzura mu ngoro y’Uhoraho bituma abaherezi badashobora guhagararayo ngo bahereze kubw’ico gicu, kuk’ubwiza bw’Uhoraho bwari bwuzuye mur’iyo ngoro yiwe. ” (2 Ngoma 5:1, 13-14).

Intumwa zubaka ubwami ntibahazwa n’inyubako zubatswe kera, ariko bazorushirizaho kurondera icitegererezo co kuzana ishengero mu kuzura no gushika mu kibanza co kuzuza ibikorwa bidashitse vya basokuru. Twubake nkuko Imana ibisaba. Mu gihe twokubaka mu mwihariko n’icitegererezo c’ukuri ico Umwami arikw’atanga, ukwimuka muri bisha no ku ngoma yo hejuru birashobora kandi biroroshe.

KLC

Kingdom Life Community n'igikorwa gifise ikiguzi c'intumwa, KLC yagizwe imbohe yo kwamamaza ubutumwa bwiza bw'ubwami no guhishura umugambi w'Imana no kugaburira amahanga.

KLC yashinzwe nk'inyishu yiyerekwa itanzwe n'Imana muri iki gihe c'iyimbura c'ishengero rya nyuma. Muri iri sukwa rihambaye rya Mpwemu Yera, KLC irizera intambuko nsha. KLC iriko ikorana n'impwemu y'ubuhishuzi canecane mw'ijambo no mu nyigisho z'ubuvugishwa kubwa amavuta n'ubuntu bw'intumwa bugendana na yo. KLC ifise umwitwaraniko wo gukomeza no kurungika umubiri wa Kristo mu gikorwa gihambaye co gukira no kubohoka.